# AYRÍM ZÍYARAT ORÍNLARÍNA QOYÍLǴAN ATAMA ATLARÍŃÍŃ QOYÍLÍW HÁM PAYDA BOLÍW SEBEPLERI HÁM TARIYXÍ

**Ismetov Raxman Allambergenovich,**
*Ózbekstan Innovacion texnologiyalar universiteti*
*«Tariyx hám jámiyetlik pánler»kafedrası professor-oqıtıwshısı*

**Satenov Alisher,**
*Qaraqalpaqstan Respublikası*
*tarıyxı hám mádeniyatı mámleketlik muzeyi bas qániygesi*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.19607264

***Annotaciya.*** *Házirgi waqıtta mámleketimiz tárepinen tariyxıy orınlardı abat etiw boyınsha bir qatar keń kólemli jumıslar ámelge asırılmaqta. Atap aytqanda, házirgi waqıtta zıyarat etiw orınların rawajlandırıw, sonıń ishinde, bul orınlardı restavraciyalaw, zıyarat etiw orınlarına keliwshiler ushın qolaylı imkaniyatlar jaratıw, olardıń atamalarınıń tariyxıy kelip shıǵıwın úyreniw boyınsha jumıslar alıp barılmaqta. Bulardan Kegeyli, Xojeli, Ellikqala, Tórtkúl sıyaqlı ayırım zıyaratxanalardıń atları tariyxıy áhmiyetke iye dep esaplanadı.*
***Tayanish sózler:*** *Kegeyli, Nókis rayoni, Xojeli, Gelalli, Diyana Burx, tariyx.*

***Annotation.*** *Currently, a number of large-scale works are being carried out by our state to improve historical sites. In particular, work is currently underway to develop pilgrimage sites, including their restoration, create favorable conditions for visitors, and study the historical origins of their names. Among these, the names of some shrines, such as Kegeyli, Xo'jayli, Ellikqal'a, and To'rtko'l, are considered to have historical significance.*
***Key words:*** *Kegeyli, Nukus district, Khojeyli, Gelali, Diana Burx, history.*

Búgingi kunde mámleketimiz tárepinen tariyxıy orınlardı qayta tiklew hám sol menen bir qatarda olardı keleshek awladqa jetkeriw boyınsha birqansha keń kəlemli isler alıp barılmaqta. Sol qatarda etnografiya tarawına da itibar kúsheymekte. Buǵan ayqın mısal retinde Qaraqalpaq mámleketlik universitetinde etnografiya qánigeligi boyınsha magistratura baǵdarınıń ashılıwınıń ózi ayqın dálil bola aladı. Bul óz gezeginde ele izertlenbegen etnografiyalıq xarakterdegi ilimiy temalardıń tereńnen úyreniliwine múmkinshilik jaratılıwına tiykar bolatuǵın faktorlardıń biri. Solardan Qaraqalpaqstan aymaǵındaǵı ziyarat orınları, olardıń payda bolıw tariyxı, payda bolıw sebeplerin úyreniw qızıqlı ilimiy máselelerdiń biri dep oylaymız. Bul temada aldın da belgili dárejede izertlew jumısları alıp barılǵan hám olardıń tiykarında ilimiy miynetler, maqalalar járiyalanǵan. Ǵárezsizlike eriskennen keyingi dáwirlerde jergilikli alımlarımız X.Esbergenov, Ǵ.Xodjaniyazov, O.Yusupov, J.Hákimniyazov, S.Esbergenova, Z.Kurbanova, M.Qarlıbaevlar tárepinen keń turdegi etnografiyalıq hám tariyxıy-arxeologiyalıq ilimiy izertlew jumısları alıp barıldı.

Xalqımız arasında ziyarat orınlarına barıw dástúri házirgi kúnge shekem saqlanıp kiyatır. Usı orında ziyarat etiwshiler ata-babalarınıń basların ziyarat etiwden tısqarı, túsinde ayan bergen orınlarǵa yamasa jası úlken ata hám kempir-apalardıń

aytıwları boyınsha ziyaratqa barıwshılar jiyi-jiyi ushırsıp turadı. Bular tiykarınan jumısı júrispey júrgenler, qanday da bir kesellikke shalınǵanlar, arqası kóterilgenler yamasa xalıq arasında jin urǵanlar, bir jumıs baslawdan aldın jumısına rawaj tilep niyet etip ketiwshiler, perzentli bola almay júrgen hayallar h.t.b topardaǵı ziyarat etiwshilerdi ushıratıwımız múmkin.

Usılar arasında perzentli bola almay júrgen hayallar, sol qatarda bir neshe qızlı bolıp ul perzent kóriw niyetinde júrgen hayallar boyınsha maǵlıwmatlar ushırasadı. Bunday ziyarat hám sıyınıw orınları respublikamız boylap ilimiy miynetler, gazeta-jurnallarda jarıq kórgen ilimiy maqalalardı úyreniw hám dala jazıwların ótkeriw waqtımızda bunday bir qansha belgili orınlar bar ekenligi málim boldı. Bulardıń ayırımları ertede hayallar barıp sıyınıw ornına aylanǵan bolsa, al ayırımları bolsa ata-babaları, jaqınları, diniy sawatı bolǵan maqsım yaki táwiplerden esitken, túsinde ayan bergen ziyarat orınlarına barıwshı sıyınıw orınları bolıp esaplanadı. Bunda da. tiykarınan áwliye hám káramatqa iye bolǵan babalardıń basların ziyarat etedi. Bunday orınlarda ámel etiletuǵın dástúrlerimiz, úrp-ádetlerimiz erte dáwirlerden úyrenilip izertlenip kelinbekte.

Bul temada Ózbekstannıń basqa aymaqları mısalında da ilimiy jumıslar jarıq kórip atır. Máselen, N.U. Abdulahatov tiykarınan Ferǵana wálayatı aymaǵında jaylasqan ziyarat orınların izertlese [1, b-10-18] Z.Q. Abidova Xorezm wálayatında jaylasqan ziyarat orınlarınan tısqarı Qaraqalpaǵstan Respublikasınıń qubla rayonlarınan bolǵan Beruniy, Tótrkul, Ámiwdárya hám Ellikqala rayonları aymaǵında jaylasqan ziyarat orınları haqqında maǵlıwmatlar beredi [2]. Degen menen respublikamız aymaǵında jaylasqan muqaddes orınlar tuwralı ilimiy hám ilimiy kópshilik maqalalar jarıq qóriwine qaramastan bul tema ele jetkilikli dárejede izertlenbegen degen pikirdemiz hám usı baǵdarda izertlew jumısların baslaǵanbız. Tiykarınan Kegeyli, Qaraózek, Ámiwdárya rayonlarında dala izertlew jumısların júrgizip, tariyxıy jaqtan ele tolıq izertlenbegen, xalıq arasında payda bolıwı jaǵınan ańızlarǵa aylanıp ketken birqansha muqaddes orınlarǵa dus keldik.

Jáne, usınday elimiz boylap jazılǵan mádeniy estelik orınları boyınsha maǵlıwmat beriwshi «Qaraqalpaqstandaǵı ájayıp jeti estelik» atlı kitabınan elimiz boylap jaylasqan erte dáwirlerge derek bolǵan ájayıp tariyxıy orınlarımızdıń tariyxı hám kelip shıǵıwı, payda bolıw sebepleri menen, jáne usı orında payda bolıwı boyınsha xalıq arasında en jayǵan ańız-ápsanalar boyınsha keń maǵlıwmatlar alamız. Sonıń ishinde búgingi kúnde ziyaratshılar tárepinen jiyi-jiyi barılatuǵın Mizdaqxan esteligindegi Nazlımxan sulıw mavzoleyi, Shamun Nabiy, Jomart qassap ziyarat orınları boyınsha xalıq arasında keń tarqalǵan ańız-ápsanalar, qunlı tariyxıy maǵlıwmatlar keltirilgen. [6]. Jomart qassap ziyarat ornı boyınsha Ǵ.Xojaniyazov hám O.Yusupovtıń «Káramatlı dúmpeshik sırı» maqalası arqalı bul jerge ziyarat etiwshi biyperzent hayallar tuwralı qunlı maǵlıwmatlarǵa iye bolamız [7, b.95.]. Usı Jomart qassap, yaǵnıy xalıq arasında «Káramatlı dúmpeshik» dep atalǵan ziyarat ornı haqqında Z.Kurbanovanıń «Jenskoe palomnichestvo k svyatım mestam (po materialam Nukuskogo i Xodjeyliyskogo rayonov» atlı maqalası arqalı da bir qansha

mağlıwmatlar alıwımızğa boladı. [8, b.30-37] Mısalı, Kegeyli rayonında jaylasqan Gelleli qoyımshılığı. Qoyımshılıqtıń payda bolıw tariyxı hám ne sebepten Gelleli dep atalıwı jóninde informatorlardan alğan mağlıwmatımız boyınsha, bul jerde Molla qız dep atalğan qız bolğan. Onıń 40 tan aslam oqıwshıları bolıp, ol tálim berip atırğan waqıtta basqınshılar tárepinen hámmesiniń gelelleri alıp taslanğan. Sonnan keyin bul jerdiń xalqı dúnyadan ɵtken Molla qızdı hám onıń shákirtlerin usı jerge jerlepti, sol sebepli «gelleli» qoyımshılığı dep atalğan eken. Qoyımshılıqtı kɵzden ɵtkerer waqtımda bul jerde eski qábirlerdiń hám jaqında qoyılğan qábirlerdi de kɵriwge boladı. Demek, bul hárekettegi koyımshılıq. Impormatorlarımız da bul pikirdi tastıyıqladı. Olardıń aytıwınsha bul jerde belgili insanlardan Jumek iyshan, Aymbet iyshan hám Jálmen iyshan jerlengen. Tilekke qarsı «Gelleli» qoyımshılığında qurban bolğan Molla qız hám shákirtleriniń tek ğana qábir orınları ğana saqlanıp qalğan basındağı jay saqlanbağan. Bul jerge ziyaratshılar tiykarınan hápteniń piyshembi kúnleri keledi eken. Erte waqıtları bul jerge uzaq jerlerden ziyaratshılar tez-tezden kelip turğan, házirge kelip siyreklesken. Qoyımshılıqtıń arqa-batıs tárepinde torańğıllıq bar, onıń ortasında kishkene háwiz bar. Informator Sabır ağanıń aytıwı boyınsha ayrım kúnleri ásirese tungi waqıt shamnıń sáwlesine usas jarıq payda boladı belgili waqıtan soń ɵshedi eken. Biraq bunıń anıq ne ekenligin bile almağanın aytadı. [3]. Usı taqılette biziń qızığıwshılığımızdı oyatqan ziyarat orınlarınan Qaraózek rayonı Mádeniyat APJ aymağında jaylasqan Diywana Burx ziyarat ornı boldı. Basqa jerlerden parqı – tiykarğı ziyarat obekti bolğan Diywana Burxtıń ózine arnawlı estelik salınbağan, hátteki qorshalınbağan da. Onıń «wazıypasın» úlken bir jıńğıl atqarıp, onıń túbinde keliwshi ziyaratshılardıń sadaqaları ushın arnawlı qoyılğan qutıshadan, jıńğıldıń shaqalarına baylanğan shúbereklerdi kóriwge boladı [4]. Diywana Burx tuwralı M.Qarlıbaevtıń miynetlerinen tolıǵıraq mağlıwmat alıwğa boladı [5, b.505-527] Usı tiykarda mámlektimiz boylap jaylasqan ziyarat orınları haqqında elede kóplep mağlıwmatlar jıynaw hám ulıwma alğanda joqarıda atalıp ótken ziyarat orınları hám qoyımshılıqlardıń payda bolıw dáwiri, sebepleri, atalıw tariyxı haqqında qızıq mağlıwmatlar el arasında kóplep ushırasarı sózsiz. Bunday orınlardı keń kólemde úyreniw, olar boyınsha mağlıwmatlar toplaw, ilimiy aynalısqa qosıw baslı wazıypalardan dep esaplaymız.

Mine, tiykarınan mámleketimiz tárepinen alıp barılıp atırğan búgingi kúndegi siyasat ta mine usınday muqaddes ziyarat orınların úyreniw sanaladı. Usı orınlardı qayta abat etiw boyınsha bir qansha is-ilajlar ámelge asırılmaqta. Usınday izertlewler bul jumıslardıń nátiyjeliligin ele de arttıradı. Bunday muqaddes sıyınıw hám ziyarat orınları respublikamız boylap kóplep ushırasadı hám bul óz náwbetinde keń túrdegi izertlewdi talap etedi. Bul orınlar turistlerdiń, shet elli miymanlardıń barıwı ushın oğada zárúr. Kiyeli orınlardı abadanlastırıw, qayta ońlaw jumısların keń kólemde alıp barıw, bul orınlarğa barıw ushın jol kartaların islep shığıw maqsteke muwapıq dep esaplaymız. Bul óz gezeginde mádeniy hám tariyxıy muqaddes orınlarğa bolğan sheksiz húrmetti bildiredi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Abdulahatov N.U. Farǵona vodisi aholisi hayotida ziyoratgohlarning orni va orali (Farǵona viloyatining muqaddas joylari asosida) Toshkent.: 2008
2. Abidova Z.Q. Xorazm vohasi ziyratgohlari va qadamjoylari (tarixiy-etnologik tadqiqot) Toshkent.: 2018
3. Ismetov R. Dala jazıwları. 2021, № 7. Informator: Netullaev S., 1959-jıl Kegeyli rayonı Shınaq qıpshaq awılı.
4. Ismetov R. Dala jazıwları. 2021, № 6
5. Карлыбаев М. Героика и этика эпоса в культе святых: на примере святынь в Каракалпакстане. //The Written and the Spoken in Central Asia / Mündlichkeit und Schriftlichkeit in Zentralasien – Festschrift für Ingeborg Baldauf. Edition-tethys: Wissenschaft Bd. 4 /Science. Vol. 4. 2021. Pp. 505-527; Карлыбаев М. Роль зиярат в повседневной жизни каракалпаков. // Материалы международной исламоведческой научной конференции "Мир ислама: история, общество, культура". Москва. 2009. СС.126-133
6. Xojaniyazov Ǵ, Hákimniyazov J. Qaraqalpaqstannıń ájayıp jetti esteligi. Nókis. Bilim. 2004.- 95 b.
7. Курбанова З.И., Женское паломничество к святым местам (по материалам Нукусского и Ходжейлийского районов) // Вестник ККО АН РУз., 2010, № 3. с. 30-37.
8. Xojaniyazov Ǵ, Yusupov O. Káramatlı dumpeshik sırı./ Sovet Qaraqalpaqstan. 1988 j 11-noyabr.